



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premii: 1 - 30 temboeng f 1.-
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
Advertentie limrah: f 0,15 sagaris: (apes: f 1,25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.



REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholiek

1 taoen f 7,50 } njoewoen kabajar
1/2 f 3,75 } roemijin.

Adrèsiipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.



Drukkerij „Canisius” Djokja.

ISINIPOEN.

Lid Raad-Kaboepatèn — Épahaning berah — Wanita lan politik — Baran — Katoer mevr. C. Wastitilah lan sadèrèk . . . — K. W. Moentilan — K. W. Semarang — P. P. K. D. Semarang — K. W. Blitar — K. W. Soerakarta — K. W. Medari — Soerjandadari — Senindjong godog — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Kabar Katholiek — Keboemèn — Gabroe-Wlingi — Correspondentie.

PRADJA RAHAJOE.

LID RAAD-KABOEPATÈN.

Sw. Tm. tampi kabar kados ing ngandap poenika;

Nalika tg. 4 Sept. ing kiesdistrict Banjoemas kawontenaken pilihan kanggé Raad - Kaboepatèn. Saking djago-djago, ingkang dipoen pilih namoeng kalih i.p.

1. R. Hardjamidjaja, griffier Landraad.

2. P. S. Atmosoedarma.

Kalih-kalihipoen kapilih wonten ing lezing kapisanan.

Njarengi dinten poenika ing kiesdistrict Poerwakerta oegi kawontenaken pilihan lan sad. Soenardi oegi kapatjak wonten ing daftar candidaat-candidaat. Éngga sapriki dèrèng mireng kabar poenapa sad. Soenardi saged kapilih oetawi boten.

Raad-Kaboepatèn.

Nalika dinten Rebo 4-9-'29. sampoewon kawontenaken pilihan kanggé warga Raad-Kaboepatèn Magelang.

Saking Moentilan ingkang kapilih: 1e. Ingkang Wedana ing Moentilan.

2e. Sad. Soerasoekarta, Gep. Mantri goeroe Setjang.

3e. Sad. Soekena, Schatter pandhuis Blabag.

Saking Salam ingkang kapilih: 1e. Wedana Salam.

2e. Assistent - Wedana Sroemboeng.

Saking Mertajoedan: 1e. Assistent - Wedana Mertajoedan.

ÉPAHANING BERAH.

Nalika koela ngrembag bab „njakèkaken kebatosan.” koela anggepok bab „épahan.” Wondéné épahaning tijang berah poenika manoen kawroeh ékonomi warni-warni:

1º. épahan kaétang manoen wekdal (tjara Wlandi: tijdloos), inggih poenika kapétang manoen djam-djaman, padintenan, minggon lsp. Poenika wonten awonipoen, djalaran tijangipoen berah kerep boten sregep.

2º. épahan kaétang manoen tjatjahipoen ingkang dipoen-garap (tjara Wlandi: stukloon) kadosta ing pabrik sroetoe oetawi sigaret. Saben angsal satoes, épahanipoen samanten. Poenika ndjalari mepeng, nanging awonipoen, déné saking kasesanipoen, ingkang dipoen-garap ladjeng awon. Mila preloe dipoenwonteni pepriksan lan dendan. Wondéné ingkang kados makaten poenika moeroegaken pabeenanipoen ingkang berah kalijan ingkang mberahaken. Kadjawi poenika selot-selotipoen ingkang berah ladjeng bobrok margi kasangka ing panjamboet damelipoen.

3º. épahan goemantoeng saking pepadjenganing barang (tjara Inggris: sliding-scale). Poenika kalampah ing sawenèhing pelikan areng séla ing tanah Inggris. Awonipoen inggih poenika déné jèn ingkang mberahaken toeni, ingkang berah toemoet tani.

4º. gandjaran a. margi poen berah mepeng, angsal - angsalanipoen njamboet-damel langkoeng saking-mastinipoen. b. margi njoeda barang ingkang dipoenanggé, kadosta: jèn-masinis namoeng sakedik panganggé-nipoen kadjeng oetawi areng séla. (tjara Wlandi: premiestelsel).

5º. ingkang berah angsal bagéan batèning pabrik (tjara Wlandi: participatiestelsel). Pabrikipoen toewan Stork ing Hengelo (Wlandi) nge-tjakaken stukloon (2º) kalijan 5º poenika. Toemindakipoen saé. Ing-

RETRAITE.

In de maand September zal van Maandagavond den 23sten tot Donderdagavond den 26sten in het Xaverius-College te Moentilan eene retraite gegeven worden

VOOR NEDERLANDSCH - SPREKENDE JAVANEN.

Vergoeding voor verblijfkosten f 5.—

Zich aan te melden aan het Xaverius-College te Moentilan.

De Rector.

kang berah mindak bajaripoen, toewan pabrik saged saja katah anggenipoen damel masin-masin, katah batinipoen, djalaran ingkang berah mepeng anggenipoen njamboet-damel.

Épahan poenika manoen tjara poenapa kémawon kedah ngoegemi leres (adil). Dados épahan (blandja) kedah kaétang 1º. manoen kalimpadanipoen ingkang berah, 2º. manoen pasinaon ing sadèrèngipoen (mila dokter, advocaat lsp. poenika bajaripoen katah djalaran lami sinaonipoen toer ngedalaken wragad katah. Bajaripoen ngoengkoeli tjarik doesoewon lsp), 3º. manoen agenging tetanggelan, 4º. margi padamelanipoen njoemelang.

Épahan waoe kedah tjepak, ngantos kénging kanggé ngwonteni sandang teda tijang sabrajat, ngantos wontena ingkang kénging dipoentjèlèngi kanggé jèn sakit lan sepoeh. Sarèhné berah poenika déné masin, dados Ngahad kedah ngaso, épahanipoen taksiha kénging kateda ing dinten Ngahad.

Sadaja poenika taksih téori. Ing tanah Djawi ngriki épahaning berah katah ingkang dèrèng ngoegemi adil. Sinten ingkang saged tetoeloeng ing prakawisipoenika, dadosipoen oeroeroen ngadjengaken tanah Djawi. poen P. D.

LARASATI

WANITA LAN POLITIEK.

Panglamar datang wvrouwen kiesrecht poenika mantjoengolipoen saking pergerakan wanita kabekta saking anggenipoen tijang èstri katah ing djaman samangké ing salebeting grija sami boten narimah (omdat een groot aantal vrouwen het tegenwoordige gezin niet meer kon bevrederigen). Pramila tw. waoe jakin, bilih gesanging rajat kados ingkang sami kita alami poenika boten kénging boten badé gondjing. Pranjata tijang ingkang poeroen anggagapi, badé ngamini panampining kaemoeman, bilih wvrouwen kiesrecht ngemoe raos badé ambibrah tijang bebrajatan djaler satoenggal lan wanita satoenggal lan wanita satoenggal (eenheids-idee van het huwelijck).

2. Manawi wvrouwen kiesrecht sampoewon èstoe oemoem, tijang èstri ladjeng badé katarik loemebet ing madyaning ramé. Kawoesananipoen tijang èstri badé bibrah manah wewatekanipoen, temahan temboeng plajan, djagad édan badé woedjoed saèstoe. Mila pepoentoning rembag sanadjan boten tjengkah lan woelanging pangandel (een dogma van ons geloof) lan boten njoelajani pepoetoesan Pasamoewon Soetji (een disciplineaire uitspraak van het kerke-lijk gezag) bebajaning wvrouwen kiesrecht satoehoe ageng lan ngèntakan para koemedah - kedah badé nggajoe wvrouwen kiesrecht, poenapa kapitoenanipoen boten langkoeng ageng tinimbang bebati saking wvrouwen kiesrecht.

Sebab-sebab poenika kados sampoewon njekapi kanggé angendali kadang katoelik ingkang saking madjengipoen datang ka-poliekan sami karaja-raja mboedjeng wvrouwen

kiesrecht. Wangsoel poma sampoewon njoengolaken djalaran sakatahing djalaran, ingkang manawi saged anggenipoen nemoengaken memèngi, nanging sadjatosipoen andrawasi sarana metik saking kitab soetji oetawi ngendikanipoen St. Paulus ingkang mitedahaken bilih tijang èstri wonten ing Pasamoewon soetji boten kénging njepeng kadradjadan. Malah wonten ingkang kamipoeroen njoengolaken bilih wvrouwen kiesrecht tjengkah lan anggering kodrat, margi anggenipoen tijang èstri manoen kodratipoen tinoeding dados bijoeng, boten, awit wadjabing bijoeng saged sareng linampahan lan pakarjan politik. Mila wvrouwen kiesrecht boten tjengkah lan anggering kodrat. Wadjabing tijang èstri mbangoen mitoeroet datang ingkang djaler, oegi asring kanggé njebabaken tijang èstri tinitah boten kénging kanggénan kiesrecht. Poenika oegi mlèntjèng, awit mbangoen toeroet menggahing barang, ingkang magepokan kalijan tijang sesémahan boten babar pisan mokalaken, bilih ing babagan sanès tijang èstri inggih kedah mbangoen toeroet lan sapanoenggilanipoen. Pepoentoning rembag: kita ngakeni lan ngoegemi, bilih wvrouwen kiesrecht katah lan ageng sambekalanipoen, nanging kosok-wangsoelipoen: tijang katoelik manawi wonten sebab ingkang mapan lan maton kénging najogjani wvrouwen kiesrecht, djer kita jakin, bilih wvrouwen kiesrecht boten soelaja kalijan woelanging pangandel toewin anggering kodrat (natuurwet).

A. Swasti Astoetilah.

BABARAN.

Sasoemerep koela ratjakipoen manawi wonten babaran tangga tepalih pitepangan saha sadèrèk - sadèrèk kakoeng poetri ladjeng sami amerlokaken rawoeh anglairaken genging kabingahan, makaten poenika sampoewon dados tjara. Malah manawi boten klèntoe sampoewon wit kina toer mèh sadaja panggénan, tjara makaten poenika saé sanget, sinten ingkang amastani awon, djer ingkang sami rawoeh waoe andèrèk bingah.

Kados oengeling tetemboengan: sadaja-sadaja poenika asring wonten saé lan awonipoen (kadjawi manawi bab kasoetjian temtoe namoeng saé) pramila ing ngriki kaparenga matoer manawi oegi wonten bab ingkang kirang matoek dateng kasarasan, inggih poenika manawi rawoehipoen para tamoe waoe andadosaken karépotanipoen ingkang nembé mbabar, (anamoeng saloegoenipoen répot poenika goemantoeng ingkang nglampahi.) Kanggé bangsa koela tijang Djawi kados kados boten badé manawi karawoehan tamoe katah ladjeng namoeng dipoentampi sasekètanipoen, temtonipoen ingkang kagoengan dalem inggih ladjeng angroepèkaken sasaged-saged. Sawenèhing sadèrèk prakawis ngroepèk - ngroepèkaken waoe asring sampoewon (oewis) kadjagi ing sadèrèngipoen baji lair.

Amangsoeli prakawis répot, kados ingkang koela atoeraken répot goemantoeng ingkang nglampahi,

dados jèn makaten pakèwed anggèn koela badé matoer amargi répot poenika kénging kapérang dados kalih inggih poenika: karépotaning manah (poenapa ribeding manah) oetawi karépotaning baow soekoe. Para sadèrèk temtoe boten sami kekilapan bilih ingkang mbabar waoe betah (boetoe) sanget baow soekoe (kadosta: abdi² oetawi réntjeng) amargi pijambakipoen kedah ngaso ingkang tentrem (volle rust).

Sapoenika tjobi koela tjandrani-poen bab ingkang kirang matoek waoe: Para tamoe ingkang sami rawoeh ratjakipoen ing wantji daloe amargi poenika wantjinipoen tijang boten njamboet damel, ing ngrikoe katingal anggenipoen merlokaken rawoeh margi andèrèk bingah. Doemoengining grijanipoen ingkang mbabar ladjeng sami lengganan oetawi kasoekan, inggih saé, soemangga. Anamoeng kados-poendi kirang matoekipoen kalijan kasarasaning badan, badanipoen sinten? poenapa para tamoe, (koela boten saged matoer). Ingkang koela toedjoe kasarasaning prijantoe poetri-ingkang nembé mbabar lan sapoetranipoen pisan, ingkang saweg kedah ngasokaken salira waoe, mangka rawoehipoen para tamoe waoe ratjakipoen noenggil dinten kalijan lairing baji, oetawi let kalih dinten tiga. doemoegi sapoetranipoen, inggih ing dinten poenika waoe wantjinipoen kanggé ngaso ingkang nembé kagoengan poetra. Sarèhning sadaja para tamoe waoe andèrèk bingah lan warni-warni anggenipoen anglairaken kabingahan dados poenika inggih saged andjalari boten saged ngasokaken badan ingkang klajan èstoe.

Menggah sajektosipoen ngelèki baji lair poenika mitoeroet goegon toehon Djawi angreksa baji sampoewon ngantos kateda ing sadèrèk-ipoen ingkang asipat sato galak ingkang dipoentwaniti tjèlèng goemaloeng oetawi sapi goemarang, pramila sadèrèngipoen baji waoe poepak poeser tilemipoen tansah dipoentpangkoe gegentosan déning para sepoeh ingkang sami ngelèki (limrahipoen bangsa sepoeh èstri). Bab poenika gandèng kalijan sadjèn-sadjèn kadosta: gandik dipoentlorèngi angoes lan apoe, dilah moeroep kasandogaken ingkang gadah laré lan s.p.n.

Namoeng toemrapping djaman samangké kénging kawastanansampoewon itjal babar pisan, ngemoengaken ing sawenèhing Doesoewon kémawon ingkang taksih nindakaken goegon toehon makaten waoe. Déné toemrapping kita - kita anggenipoen sami ngelèki baji lair waoe ladjeng santoen salaga, inggih poenika ladjeng sami asoeka-soeka main lan sapitoeroetipoen, ingkang saged nggrisakaken datang kasarasaning bijoeng dalah djabang bajinipoen ingkang nembé lair waoe. (Namoeng manawi sadèrèk Katholiek temtonipoen boten, amargi sami boten nengenaken datang prakawis waoe: main).

Sadèrèk koela wanital koela sadaja ingkang ngrasaken manawi embèn wingking ladjeng wonten rewèlipoen margi kirang ngaso soemangga kagalih! Antjasing manah boten pisan-pisan ladjeng anjingkiri tamoe, dados amboetjal padatan ingkang saé. O, boten, awit ingkang dipoentpadosi inggih ingkang saé, namoeng kedah agegan-déngan kalijan bab kasarasan. Manawi kadosdéné Moentilan ing sapoenika saking pamawas koela kok saé, awit ratjakipoen ladjeng mbabar wonten Hospitaal; dados sanadjan katah ingkang toewi namoeng inggih saged ngaso, margi ing Hospitaal sampoewon tamtoe dipoentatoer manoen wedal (alles op zijn tijd). Sakondoeripoen saking H.p. sampoewon rentjang; manawi badé bingah-bingah inggih sampoewon boten koetjiwa.

Dados sampoewon saged ngasta dados directrice malih. (directrice rajat balé grija) R. Soegjarti.

KATOER MEVR. C. WASTITILAH LAN SAD. T.R. SW.-TM. No. 29.

Sadèrèk Wastitilah, koela inggih sampoewon maos goebahan pandjengnan. Sadèrèk moendoet priksa tegesipoen pilah toemrap prija lan wanita. Sanadjan pamangghipoen prija lan prija oetawi wanita lan wanita béda-béda boten sami, nanging temtoe bangsa kalih waoe boten saged gagasanipoen plek; awit prija lan wanita poenika sanès golongan. Golongan kalih waoe temtoe boten saged saéka-tjipta lahir-batos. Amargi golongan wanita gadah kabangsan pijambak lan prija samanten oegi. Dados pamangghipoen prija lan wanita temtoe kénging kabédakaken, margi saged pilah waoe. Golongan kalih kedah wonten garisipoen sarana kanggé mbédakaken pamangghijèn ing temboeng Walandi makaten:

„Er moet een lijn getrokken worden tusschen de opinie van mannen en die van vrouwen.”

Sanèsipoen pilah toemrap prija lan wanita ing bab opinie, inggih taksih wonten malih toemrap ing roepi ingkang boten kénging dipoenpalsoe; inggih poenika, sanadjan prija manganggé tjara tijang èstri toewin wanita tjara tijang djaler, éwasamanten temtoe ketawis. Ingkang kados makaten waoe sampoewon kinodrat ing Goesti Allah.

Poenapa sampoewon marem sadèrèk wangsoelan koela ing nginggil poenika? Dèrèng? Koela sagah ngladosi kémawon. Wanita Indonesia djaman sapoenika boten badé moendoer lan boten badé adrijah dateng pitakènan-pitakènan lan critiekan l.s.s. jèn dèrèng kadoemoegèn sedyanipoen ingkang minoelja.

Sadjakipoen Mevr. C. Wastitilah kirang ngatosaken datang ketoe-djoenanipoen wanita Indonesia. Mokal lan boten badé poetri Indonesia djaman samangké ngemohi actie ingkang minoelja lan oetami toemrap ndjoendjoeng kadladjadaning wanita.

Sadèrèk koela atoeri kerep maos organa „Istri” lan „Sri” kalih waoe gandèng dados satoenggal.

Sadjaké Mevr. C. Wastitilah kaja isih kolot banget. Soekoer ta jèn pandjengnan saged nglampahi, mandar ageng gandjarané. Soekoer ta jèn pandjengnan poenapa-poenapa narimah, poenapa-poenapa pandjengnan ledjar, lan mandar mindak bektinipoen. Lha poenika poeteri sedjati. Samanten poenika jèn temtoe leres pitedah toewin pangrengkoehipoen garwa pandjengnan, poenika nama émah-émah ingkang kelerasan, jèn boten kelerasan. Oooo malah kosok-balèn. Boten kirang tijang djaler ingkang tjoegetan atèn, boten kirang tijang djaler ingkang tjoept boedi-nipoen, boten kirang tijang djaler ingkang kekendelanipoen sakmenir, boten kirang tijang djaler ingkang kirang nalaripoen, boten kirang tijang djaler ingkang boten tahanan l.s.s.

Dados pangandika pandjengnan bangsa wanita poenika ratjakipoen bab panglimbang boten saged pandjang. . . . enz. poenika lepat babar pisan. Awit wataking manoesng poenika djalera èstria sami kémawon.

Boten kirang tijang djaler ingkang tjoegetan atèn saweg pinoedjoe neda oepaminipoen, kelanipoen kirang kalerasan raosipoen, sekoel satjeting dipoentemplak, kelan dipoententak, piring dipoent-gepoek ladjeng késah lsp. . . . Dados oepami garwa pandjengnan kados makaten inggih pandjengnan ledjar lan malah mindak bektinipoen???

O sadèrèk, tijang poenika jèn kesangnetan anggenipoen ngasoraken badanipoen pijambak, poenika ladjeng boten kadjèn. Pangilon boten kirang. Dados mèmper sanget jèn pandjengnan poenika koela wastani tijang kolot. Poenapa boten èmoet tetemboenganipoen tijang kolot?

„Wong wadon koedoe bekti ing laki, wong wadon koedoe nriman, koedoe sabar, koedoe andap-asor

lan koedoe mbangoen-mitoeoet lan koedoe sing gedé pangapoerané marang lakiné."

É, é, kok lé ngétjé timen apa-apa koedoe . . . *

Dados jèn dipoenpitedahi mawi temboeng kasar inggih bekti; jèn dipoenwajoeh sadasa lan dipoen-damel sakit manahipoen inggih nriman; jèn boten dipoenkajani déning ingkang djaler inggih kedah sabar lsp.?? jèn dipoenlitar lampah ngiwa lan lampah doerdjana inggih kedah ingkang ageng ngapoentipoen. Lha rak kodjoer sanget alijas tjilaka mentjit.

Ah koela ladjeng nggadahi welas dateng pandjenengan Mevr. Wastitilah. (É pardon boten ding wong pandjenengan prijadi kolot kok dipadakaké injong wong modern mesti béda banget panemoené).

Tijang kolot poenika pamanggihipoen "nraka katoet, swarga noenoet;" sanès kalijan wanita modern, boten poeroen lan kénging ndjagèkaken lan ngendelaken ingkang djaler kémawon. Poenika bédanipoen kolot lan modern. Wanita modern jèn taksih saged nglampahi tjara kolot sampoen koela terangkan poenapa - poenapa kedah ma-noet lsp. temtoe andadosaken remenipoen bangsa prija, awit gampil réh-réhanipoen lan sekétja anggènipoen ngemong lsp.

Sinten kémawon boten remen dateng eigen belang, dateng betahipoen pijambak Rak boten wonten?

Poenapa sadèrèk kepéngin ngertos sebab-sebabipoen déné bangsa wanita djaman kina sami nriman lan asor dladjadipoen? Djalaran gesangipoen waoe gebonden alijas dipoenoeamèkaken boten kénging néng-méngo poenapa-poenapa kedjawi ingkang djaler lan tijang sepoehipoen pijambak ingkang dipoenpendeng. Wontenipoen pranatan kados makaten waoe margi saking kamoerkaning tijang djaler pijambak. Jèn bangsa Walandi anggènipoen mastani "Het egoisme van den man."

Ing tanah Tjina, Arab, Afghanistan, Toerki ngantos doemoegi Indonesia l.s.s. ing djaman wingi-wingi panjia-njianipoen bangsa prija dateng wanita sasat boten kénging dipoenoeamèkaken. Tijang éstri namoeng dipoenina kémawon, dipoenkilani boten saged poenapa-poenapa, boten wonten goenanipoen, boten saged njamboet damel lsp. kedjawi namoeng dados damel lan ngindakindaki wragad l.s.s. Mila oeger wonten tijang gadah anak lahir éstri ingkang katah-katah dipoenboetjal lan dipoenpedjahi. Wonten malih baji lahir ladjeng dipoenpendem gesang-gesangan. Kados makaten kawontenanipoen lan djalar-djalaranipoen. Kados sadèrèk sampoen naté mireng ingkang dipoenwastani "vondelingen"; inggih poenika laré temon ingkang sami dipoenboetjal déning bijoengipoen adrih bilih dipoenpedjahi déning bakapipoen.

Inggih kerep manggih laré-laré waoe bangsa Pastoor toewin Zuster ingkang sami tresna lan remen tetoeoeng dateng katjilakan.

Para sadèrèk sapoenika ladjeng ngertos ingkang terang sanget, margi wanita waoe gesangipoen gebonden, ladjeng temtoe kémawon tijang éstri kénging dipoenoeamèkaken boten saged poenapa.

Poenapa kados lélampahan waoe nama adii? Kados-poendi sagedipoen wanita kolot sadjadjar lan katah kawroehipoen, tijang poenapa-poenapa dipoenalang-alangi. Mila boten nggoemoenaken jèn ngantos sapriki tetemoengan kados pitakènipoen sadèrèk T. R. Sw. Tm. No. 29 "Kénging poenapa jèn tijang saweg wawat pangdjeng-adjengipoen bok inggih djalera anakipoen ing bédjng, boten bok éstrija?"

Awit inggih poenika waoe taksih ngémoeti kawontenan kina-makina lan sampoen netjep invloedipoen kados ingkang sampoen koela andaraken nginggil; ingkang ing djaman samangké boten dipoenadjengi déning tijang éstri modern.

Badé kasambet. **)

SAKING PAKEMPALAN.

K. W. MOENTILAN.

Dinten Kemis sonten 5-9-'29. Pangrèh K. W. kaseboet ngawon-

*) Toemrap wanita modern inggih makaten oegi, koedoe . . . , kosok-wangsoelipoen: prija inggih koedoe nresnani, njabari sing wadon.

Mila wanita modern jèn badé krama, sampoen ngantos peksan. Ngertos a wateking tjalon kagoengipoen kanti talesih. Padosa prija ingkang boten badé majoeh lsp. Sadèrèngipoen krama, melék; sasampoenipoen ladjeng merem. Awit tijang émah-émah poenika jèn margi kalepatan sakedik noenten pegatan, poenika ladjeng boten béda kalijan kéwan. Red.

**) Sadèrèk sampoen paring wangsoelan roemijin sadèrèngipoen goebahan telas. Sadjatosipoen goebahan poenika kepan-djangan sanget. Bédjng malih ingkang tjekak, nanging mentes. Pandjangan karangan boten ngindakaken aos. Red.

tenaken parepatan pangrèh. Inggih dados piking rembag i.p. badé kados-poendi anggènipoen moeljakaken dinten 50 taohanen Dalem Kandjeng Santo Rama dados Imam, bédjng 6 Oct. '29 ngadjeng poenika. Prakawis poenika karembag wonten ing K. W.-gebouw dinten Ngahad 8-9-'29. Saking pamireng koela badé dipoenwontenaken arak-rakan.

K. W. SEMARANG.

Nalika tanggal 1 September 1929 K. W. Semarang ngawontenaken parepatan warga. Inggih rawoeh sadèrèk ± 30, wonten ingkang saking Goeboeg, poetrinipoen 5; rama para-para padoea koewan Hoevenaars oegi andjenengi. Inggih karembag i.p. sedahanipoen comité pangargjan Sampéjan Dalem Kandjeng Santo Rama Pius XI bédjng tanggal 5 October '29 ngadjeng; Pangroekti Laja l.s.s.

Menggahing pangargjan kapoetoes: K. W. badé oeroen pangargjan woedjoet tembang; menawi sem-bada, badé sinawoeng ing gamelan. Sasaged-saged kaatoeran samia manganggé dines Djawi. Para sadèrèk badé angsal cocarde saking comité. Inggih tinanggenah ngri-genaken sad. R. Bratasoetédja.

Sasampoenipoen poenika ladjeng ngrembag bab Pangroekti Laja. Commissie nrijosaken pandamelanipoen. Statuten lan H. R. karembag oemjek. Sasampoenipoen kaéwahan sawatawis ladjeng katampi déning parepatan.

Kapoetoes ing Goeboeg dipoen-wonteni Zelateur; lan ing parepatan tjandakipoen badé dipoenwontenaken Lezing bab: Koepija kasripanan.

Sawenèhing sadèrèk ngénetaken, soepados para warga sampoen sanget-sanget anggalih bab rekaosipoen, toeni, oetawi bati, nanging moehoeng éngeta tresna dateng sasami.

Nitik raméning rembag, prakawis Pangroekti Laja poenika dados kab-tahanipoen sadèrèk sadaja.

Verslaggever.

P. P. K. D. afd. SEMARANG.

Ngrintenaken tanggal 1 Septem-ber '29. P. P. K. D. afd. Semarang ngawontenaken parepatan-warga. Inggih karembag pilihan warga pangrèh énggal lan contributie.

Voorzitteripoen parepatan ngan-daraken kètering pakempalan, ingkang djalaran pangrèhipoen boten djangkep; voorzitteripoen komplang. Sadèrèk H. Soepadi kapeksa ngem-bani pakempalan, ngantos wonten pilihan pangrèh énggal malih. Pang-djeng-adjengipoen soepados pang-rèh énggal sageda njoeboeraken P. P. K. D. afd. Semarang.

Dawahing oendi ingkang kapilih sadèrèk: E. S. Martawidagda, voor-zitter, P. Roewidadarma secretaris, H. H. Atmaboedaja penningmeester, Bratasoediro, Rm. J. Soedarto Sa-sraningrat, Rm. Soemardja, R. Rio-soeparto warga - commissaris.

Voorzitter énggal matoer noewoen dateng kapitadosanipoen para warga, sarta njoewoen soepados para war-ga sahijeg sami ambijantoe ngad-jengaken pakempalan. Ladjeng ne-rangaken pepanggilipoen Negari dateng kaem nationalist, ingkang kawedaraken déning oetoesaning Negari Padoeka Mr. Ir. Kie Wiet de Jonge: "toedoeha djasamoe lan pa-kanjanmoe ing bab politiek lan So-ciaal." Voorzitter ngalem dateng kemadjenganipoen P. P. K. D. afd. Madioen, anggènipoen badé ngadani sekolahan partikelir.

Sasampoenipoen nerangaken meng-gahing antjasing P. P. K. D. ing sa-watawis, parepatan katoetoe.

Verslaggever.

K. W. BLITAR.

Kala tanggal 8 September 1929. ing K. W. Blitar ngawontenaken pa-repatan warga.

Inggih rawoeh G. A. Padoeka Pastoor A. Bastiaanse. Pangrèh djangkep, para warga katah ingkang rawoeh. Sadèrèngipoen parepatan kabikak. Pangarsa ngatoeraken soe-geng rawoeh. Wiwitaning parepatan mawi ngloehoeraken Asma Dalem Goesti Jésoes, wanti djam 10.

Agenda:

I. Maos H. R. lan Statuten K. W.

II. Ngwontenaken Gasthuis gan-dèngipoen kalijan Jaarfeest.

III. Steunfonds — bank alit-alitan. H. R. lan Statuten kanggé Steunfonds kapasrahaken Bestuur K. W.

IV. Siti pasaréan. — kedah setijar.

V. Koran Katholiek. — K. W. noe-ding salah satoenggilipoen warga ka-patah dados Zelateur, toemrap koran Katholiek (Sw. Tm. — Tamtama Dè-wi Marijah lan koran Landi). Bestuur nerang-nerangaken bab perloe toe-win goenanipoen, dados lengganan Koran Katholiek lan soeka soemerep bab koewadjaban Zelateur.

VI. V. L. S. — sadaja moefakat; ingkang sagah saweg: 1 Heer C. Sindoeprawata. 2. Mvr. Moersandi. sanèsipoen badé noesoel.

VII. Sèketan taenan Inggih Si-noehoen Kandjeng Paus djoemeng-neng Imam. Bédjng tanggal 6/7 October '29 badé kawontenaken feest. Woosana parepatan djam 1/2 1 ka-toetoe kanti wilodjeng.

Panitra:
A. S. Martasoedarma.

K. W. SOERAKARTA.

Tjoeplikan saking parepatan warga K. W. ing Sala kala tanggal 31 Aug. '29.

1. Nampi warga énggal 4.

2. Hartaka ngresikaken tetang-gelanipoen arta Sw. Tm., awit roe-maas, bilih penagihing arta dateng lengganan poenika kerèbjègen, awit hartaka sampoen nglantaraken arta lengganan, djeboel administratie Sw. Tm. penagihipoen dateng sa-toenggil - toenggilipoen lengganan pi-jambak. *)

3. Harta Loemaksa kawonten-anipoen kirang maremaken, djalaran rendet lebeting arta samboetan. Mila ladjeng netepaken warga, ing-kang badé mbijantoe nagih.

1. Sad. Adisoeganda.

2. " Kartasiswaja.

4. Sesarahipoen Mhr. Harjadi.

A. Pandjenenganipoen nenarik, soe-pados gotrah Katholiek mitoe-loengi para imam ing babagan kab-tahanipoen kadoenan, sarana ngandaraken

a. kawontenan ing tanah Djawi bédjng 25 taenan malih, ingkang taksih dados tjangkri-man. Poenapa bédjng taksih saged para imam bangsa man-tja njamboet damel wonten ing tanah Djawi? Inggih menawi taksih kados sapoenika, soe-koer,— menawi boten, gèk ka-dos - poendi kawontenanipoen sadèrèk Katholiek.

b. adjenging Seminarie; mangka ingkang katah para moerid Se-minarie bédjng boten saged mlebet ing orde, awit boten

VAN LITH - STICHTING

Saben
pandjenengan tampi
100 sèn,
poenika ingkang
1 sèn
kaparingna dateng
Van Lith - Stichting,
kanggé mitoeoengi
betahipoen Imam,
Seminarie lan Studiefonds.

PANGRÈH V. L. S.
p/a Bijz. H. I. S.
MAGELANG.

abanda-bandoe. Dados inggih ladjeng dateng wereldgeeste-lijken, ingkang kedah pados pangoeopadiwa. Inggih menawi kagoengan salah-satoenggilipoen acté ingkang njekapi, menawi boten.

c. kawontenanipoen kadang Ka-tholiek, menawi ingkang di-poenpoendi-poendi kémawon ketjngkrangan. Poenapa go-longan Katholiek boten kaitjak-itjak.

d. poenapa para wereldgeeste-lijken inggih namoeng ndjagèk-aken kadamnipoen bangsa sanès. Inggih menawi taksih kados sapoenika.

e. pangandikanipoen Kangdjeng Bisschop van Velsen, ingkang asoeraro, bilih pandjenenganipoen kedah kagoengan pawitan f 3.000.000 menawi mriksani kawontenanipoen Missie Djawi sapoenika.

*) Katrangan saking Administratie. Kita goemoen sanget mireng kate-ranganipoen K.W. Solo ingkang makaten poenika. Manga seratiipoen K.W. Soer-akarta ddo. 16-4-'29, serati nomer 5, ka-tandan (atas namaning pangrèh) pangarsa R. Kardjana anerangaken: wiwit woelan Januari 1929, Bestuur K.W. Soerakarta boten sagah nampi arta lengganan Sw. Tm.: " . . . moelaé hari 1 boelan Januari 1929, kita bestuur K.W. (baroe) Solo, ter-paksa tidak terima over hal administratie Sw. Tm. pegangan K. W. Solo, lantaran memang ada hal (tidak pertoe kita ter-rangan disini) jang sampai menjadikan administratie tersebut tidak bisa diover enz. . . . enz. . . . "

Serat kaseboet nginggil dipoenwang-l soeli administratie Sw. Tm. ddo. 18 April serati nomer 63: " Tentang toean terpaksa tidak bisa boeat mengambil over pederjaannya administratie, kami tidak ada keberatan apa-apa. Tetapi (. . .) adakah itoe sebab bersangkatoen dengan soeatoe hal atau soeatoe kesalahan dari pehak administratie?? enz. . . . " Lan, . . . serati poenika doemoegi sapriki tanpa wangsoelan, djeboel manoeet verslag ing nginggil K.W. Soerakarta semoe ane-tah administratie Sw. Tm.

SENINDJONG GODOG.

PAKEMPALAN WAJOEH!

Mila kados sampoen kinodrat ing Pangéran kawontenan ing donja ke-dah memengsahan, liripoen akosok-wangsoel. Sok wontena nijat saé, inggih wonten ingkang ngrègoni. Jèn wonten actie, énggal dangoe sang reactie ladjeng djoemedoel. Bilih golongan A. nijat badé ngentjenga-kan; kaem B. ngedjori ngoedi oer-daripoen amrih ringkih! Manawi wonten pakempalan ihtijar ngitjali salah satoenggilipoen prakawis, (ing-kang boten ndjaman), ndilalah kok inggih sok ladjeng wonten pakem-palan djoemedoel ingkang nedyo ngekahi prakawis ingkang saweg kaeddi itjalipoen. O, mila-mila do-nja! kapan olèhé arep tentrem? Jèn wis kijamat???

Boekti malih kados katjeta:
a. Saweg kémawon verdrag Kellog (anti oorlog) medal, dèrèng-dèrèng Tiongkok — Rusland sami pentje-rengan, sadjak kantoen tengga sa'at kémawon, mesti dados . . . perang!!
b. Sroewing-sroewing pakempalan poetri-poetri ing Indonesijah ngriki sami gadah actie (badé) mbéngkas wontenipoen wajoeh-wajoehan, (sé-mah langkoeng saking satoenggal). Botena gadah actie, apesipoen ing-gih boten ngroedjoeki wonten lan lestantoenipoen wajoeh!

Nanging djembar-djembaring dja-gad!

Saking Padang (Sumatra West-kust) wonten pawartos bilih ingrika b a d é kaadegaken pakempalan wa-joeh, inggih poenika lid-lidipoen pakempalan waoe kawadjabaken (ke-dah) wajoeh: kalih, tiga, sekawan langkoeng oetami! Anggènipoen nggadahi kanijatan makaten waoe, *djaréné*: melasi para pawèstri ing-kang kekatahen, boten saged angsal djodo; lah ija ta timbang pada glajaran toeroet dalan dadi koepoe malam, ngono pa pjé?? Eé!!

Sinten kénging dadoslid? Boten sabarang tijang, pijantoe! Apes ti-jang ingkang gadah pamedal f 150, ing dalem sawoelan.

Inggih tjoba dipoen-jektosi kéma-won, saged madeg poenapa boten! Jèn éstoe madeg inggih: édan-édanan tenanan . . . Mila leres Me-vrouw Atma anggènipoen bengak-bengok dateng para kakoeng. Harra, ta! = Hm, mila donja sampoen se-poeh;!! ngGegampil pegat.

Koela (ndjoeroengi pamoendoeti-poen mevrouw Atma:) satoenggil-ing tijang djaler maos oréhanipoen mevr. Atma ing Sw. Tm. no. 28 tg. 23 Augustus kapengker poenika, inggih toemoet ngeres, ngoesap da-da! Margi koela pijambak inggih njoemerepi tijang ingkang watak (dados sampoen aanleg "menawi") makaten waoe. Tetijang ing padoe-noengan koela anggènipoen mastani: wong lanang djing kaja ngono ki watak singa, tegesé jèn wis pes . . . (ngertos pijambak) ndjoer di-tinggal loenga!

Nanging ingkang makaten waoe rak inggih boten sadaja tijang dja-

ler; oepamija dipoen -percentage inggih boten nama oenggoel. Inggih poenika waoe ta, djembar-djembar-ing djagad poenika, mila „a d a - a d a s a d j a”.

Mekaten waoe ambok manawi sa-bab - sababipoen djalaran saking: Toemindakipoen tijang djedjodowan (nijat ingsoen ngepèk bodjo!) ing-kang katah-katah sok namoeng ka-bekta saking noeroeti kareping da-ging. Inggih poenika namoeng mélik adining warni, gebjaring wadja, goe-mrininging pakoeitan enz. . . ; oe-tawi namoeng soemedia noeroeti hawa nepsoe. Lah poenika ingkang asring ndrawasi, ladjeng gampil pegatipoen. Langkoeng perloe roemi-jin tijang badé djedjodowan poeni-ka kedah ngertos perloené lan ke-w a d j i b a n é tijang djedjodo-wan. Ladjeng kedah netepi poenapa ingkang dados predjangdjijané tijang idjab. Jèn tijang sampoen ngertos tigang bab kaseboet ing nginggil, mesti boten badé ngge-gampil dateng idjab oetawi roen-toehing talak (pegat). Kedjawi poenika kedah ngengeti (lan netepi) dawoehing Goesti ingkang moe-ning makaten:

„Apa kowé doeroeng taoe matja lan nitèni, jèn kang nitahaké ma-noengsa kala wiwitané, énggoné ri-tahaké lanang karo wadon. . . . Moe-lané wong ikoe mesti bakal ninggal bapa lan bijoengé, roemaket marang bodjoné, sarta loro - loroné ikoe toenggal sabadan, dadi woés pada mari dadi loro, nanging toenggal dadi sabadan; kang ikoe apa kang wis katoenggalaké ing Goesti Allah, adja nganti dipisah déning ma-noengsa”.

Dados tjeta sampoen, ing poendi doenoenging lepat, tijang sepoeh poenapa anakipoen? Tijang sepoeh genah boten,*awit ladjeng goeman-toeng dateng ingkang nglampahi, lah kok manoe pitedahing tijang sepoeh (*ingatas ing bijoengan lo!*); bakal ning-gal bapa lan bijoengé, . . . dados rem-baging tijang sepoeh (ingkang tan-pa nalar waoe, ngendikanipoen mevr. Atma) kénging (kedah) katilar.

Sapoenika kantoen ngoedi saged-ipoen tetijang waoe (ingkang sami badé idjab) ngertos dateng perloe, kwadjaban lan pradjangdjijan-pra-djangdjijan ing tijang djedjodowan, rak makaten? Lah poenika mila sa-nès prakawis gampil, angèl sajektos; awit ratjak-ratjakipoen ingkang ga-dah watak ngaten poenika, manahi-poen sok sampoen dados *matoe* (ka-ja watoe). Djogipoen inggih kedah kawoelang agami. Langkoeng toe-mandjem kawiwitana saking laré, bédjng dadosipoen tijang sampoen mangertos! Woosana mangsa bo-rong!

Djoeroe masak
Klentreng P. M.

*) Menawi tijang sepoeh ngodjok-odjoki barang awon, inggih toemoet nglam-pahi sasatipoen. (Dados inggih kalepa-tan). Njimpem barang peteng, prasasat ngrentjangi mandoeng. Red.

B. Mhr. Harjadi inggih nerangaken, bilih golongan Katholiek kedah gadah djempol (Prof. Mr. Dr. Ir.), soepados ketinggal nggegiris sarta boten kaengkès ing golongan sanès.

Nitik sadaja poenika wandawa Katholiek Djawi, moerih sakétjaning toemindak, kedah klempak-klempak saking sakedik, inggih poenika apes 1%ning blandja, ing sawoelanipoen.

Inggih sami mirengaken ketinggal ngembang térong, nandakaken bilih sami kepranan.

Sanalika wonten sadèrèk 29 ing-kang ngisèni serat panjoewoenan dados warganing van Lith-stichting. Sanèsipoen, inggih poenika 7 saweg badé rembagan kalijan kantja wing-king roemijin.

Pangrèh K. W.
p/a I. SOENARTA
Kepatihan Koelon, Solo.

K. W. MEDARI.

(Wajang Darma).

Sanjata tanpa sambékala satoeng-gal poenapa, Wajang Darma ingkang kagijaraken déning K. W. Medari, wiwit malem Rebo Paing doemoegi malem Ngahad Legi (5 daloe) sam-poen éstoe kelampahan kanti wiloe-djeng.

Program lan Verslag-ing tetinggalan.

Katemtokaken saben dinten: djam 4 sijang gangsa ngoeje-oeje, djam 6 bom moengal, djam 7 bom, gang-sa moengal malih, lokèt bikak, wiwit sadé kartjis. Djam 8 bom, wiwit main, minangka kanggé pepoetjoek (extra). Djam 9 bom, wiwit djer-deringit tijang.

Ing daloe ingkang I, II, III, IV lan V oeroet-oeroetan mawi pepoetjoek: nDajak saking vervolgschoel (Toeri),

Standen (Toeri), Stamboel Djawi mo-dèl énggal (Toeri) lan pentjak kam-pipoen wedalan Sléman. Standen, menjanji mawi orgel, lan tooneel tjekak, jasan schakelschool ing Slé-man. Poenika ngiras njoelik won-tenipoen jeugdorganisaatie. Déné ringgit tijang wedalan saking Soe-sila Beksa ing Kadisaba, dipoenbi-jantoe Beksa-Wiwara-Tama ing Me-dari mawi lampahan: Irawan gan-droeng, Soerjatmadja maling, Katja-wara. Semar ndjantoe lan daloe V bangans aking Pakempalan-Wajang-Prijaji ing Moentilan, kompleet, lam-pahan Soekmalembara.

Mitoeoet soewantening akatah, sanget damel seneng, sarta anggoe-moenaken. Mila mèh saben daloe mangsoelaken penonton, kabekta sa-king sesaking papan.

Langkoeng-langkoeng ing dinten ingkang poengkasen, dasar malem minggoe, toer ingkang beksa P.W.P. ing Moentilan. Wah! Sampoen ma-lih kelas sanèsipoen botena nolak-nolak, dalasan loge kémawon ngan-tos mangsoelaken penonton. Tjekak: ingkang boten oeman papan katah sanget. Inggih poenika tjeta sanget jèn P.W.P. ing Moentilan, saéstoe ageng perbawanipoen, loehoer koen-tjaranipoen, kawentar namanipoen. Sanjata jèn pilih tanding: langkoeng-langkoeng Garèng lan Pétroekipoen.

Atoer panoewoen.

Atas namaning Comité ngatoera-ken gencing panoewoen dateng: 1e. Plaatselijk Bestuur ing rikoe, ingkang sampoen paring pambijan-toe rembag-rembag. 2e. dateng Ca-nisius - stichting, ingkang sampoen ngedijani papan. 3e. dateng S. F. Me-dari ingkang sampoen dana lampoe ngantos tirah-tirah. 4e. dateng X. College ing Moentilan lan dateng K. S. B. ing Ngajodja, ingkang sam-

poen njamboeti pirantos ing satjap-
kapioen. 5e. datang Soesila Beksa
ing Kadisaba lan Beksa Wiwara-
Tama ing Medari. 6e. datang soos
dalah warganipoen H.H. ing Medari
7e. datang Vervolgschool ing Toeri
lan datang Schakelschool ing Slé-
man. 8e. datang Pentjak club ing
Sléman. 9e. langkoeng-langkoeng
datang Pakempalan Wajang Prijaji
ing Moentilan. Rawoehipoen P.W.P.
ing Moentilan wonten ing Medari,
sanjata dados goemoen ngoengoen-
ing sadaja ingkang sami njapati. Dé-
né semanten goejob roekoening
Moentilan, ngantos boten ngétang
tebih, sajah, arip, wirang-isin, toer
mawi tjoetjoel banda ingkang boten
sakedik. Djalaran sadaja ragad sarat,
kasanggih déning bara warganipoen
pijambak-pijambak. Toer wonten ing
Medari prasasat boten dipoensedijani
barang-barang.

Poenika lo sadèrèk Katholiek!
Tradjagipoen P. W. P. ing Moen-
tilan kénging kanggé katja benggala.
Mangka P. W. P. poenika dédé pa-
kempalan R. K. éwadéné semanten
anggenipoen tjakoep, tjakep, rahab
roemaketipoen datang kita R.K. Mila
kita R.K. soekoer saged ngoengkoeli,
apen sageda sami kalijan tradjagip-
poen P. W. P. Samangsa wonten
gawé pari gawé ingkang wigati, ke-
dah ingkang tjokat trengginas, oe-
roen banda baow soekoe dalah rem-
bag-rembag ing sasaged-sagedipoen.
Ing woosana angsaling bebathé
nama loemajan sanget, *) sarta sam-
poen dipoendoen datang ingkang
sampoen kaseboet ing rantjangan,
mawi persénan ingkang sampoén
katemtokaken ing sadèrèngipoen.
K. W. Medari **).

SOERJA 'NDADARI.

Wadoeh moeng titelé tal
Lo mangké roemijin ta sadèrèk!
Rèhné ingkang badé koela atoeraken
poenika nama saweg trontong-tron-
tong, toer taksih éndol-éndol, mila
para maos sampoén goemoedjeng
sadjak njeng ; djer ingkang
ada-ada poenika nama taksih pijek-
pijek.

Wonten ing Sw. T. koela mregoki,
bilih ing Djocja, Moentilan, Solo,
Ambarawa enz, sampoén sami oe-
moeng ngrembag babagan Van
Lith-Stichting. Mandar kala
tanggal 15 Aug., kapengker poenika
ing Moentilan nembé kawonten-
aken pepanggihan, ingkang toedjoe-
nipoen namoeng ngrembag adjenging
pakempalan Van Lith Stichting.

Éstoenipoen kita sareng mireng
ada-ada makaten poenika ragi ka-
pranan manah kita. Langkoeng-lang-
koeng sareng kita mangertos, jèn
sak Tanah Djawi kilèn, ingkang
sampoén ketingal mentjoengoe sa-
weg Cheribon, wa la raosing manah
kital Koemahanja didinjil
Mangka kanggo sapa ta koewi? Ijak
wis ora soesah didjèrèng maning
ogé enggeus njahol

Ambak-ambing ing Bandoeng ma-
nawi boten lepat sampoén wonten
sewoelan poenika, katingal mingip-
mingip, ladjeng pentjoengoe, abis
boelan Agustus. Mandar kala tang-
gal 11 Aug. kapengker poenika,
étok-étokipoen dipoendadosaken sa-
éstoe sarana kawontenaken per-
gading. Papanipoen kaparingan
Rama Pastoer wonten ing paviljoen
(kantor).

Kala samanten ingkang kersa ra-
woeh sadèrèk nembelas, woloelas
kalijan ingkang kagoengan kersa.

Rèhné kala samanten wonten se-
dèrèk Timor sawatawis, dados kapek-
sa mawi temboeng Mladjeng. Djam
7 bakda Lof para sadèrèk sampoén
sami ngempal wonten ing paviljoen.
Djam 7 langkoeng sakedik kawiwitan.
Inkang medar sabda (wadoeh) sa-
dèrèk Raphaël, mawi temboeng Mla-
djeng. Déné wosing rembag, manoeit:
1e. Serat ingkang kalampiran ing
Sw. T. No. 7. (saking sregepé
nganti lalos noméré).

2. Ngatoeri pirsas, sapinten gening
kabetahanipoen para Rama-
Rama ingkang sami koela gadang-
gadang sageda énggal pinaringan,
woesana saged kaleksanan, mandar
sampoén tiga. Kalijan malih para
Siswa ing Simenarie, ingkang nama
taksih wonten ing margi i. k. tjalon
badé anggal bregoeiteng saking
Nagari. Kadjawi ingkang sampoén
wonten (kagoengan) hulp oetawi
hoofdacte; 3). mandar doemoenging
sapoenika prakawis dahar sakanté-
nipoen taksih saking astanipoen
sedèrèk Wlandi. Mangka para Rama

Djawi, lan Siswa Simenarie poenika
kagem, lan badé kagem sinten?
Tjekak wosing rembag namoeng
kados makaten Rak inggih sampoén
leres ta. Rama Red? 4).

Déné para sakèrèk i. k. kersa
rawoeh waoe, sami djoemoeroeng
sadaja, sarta sagah minakalen 10%
ning pamedal saben woelanipoen.
Dalasan sadèrèk Timor gangsal,
oegi kersa kempal. Kados-poendi
Rama Red, rak inggih boten namoeng
ngemoengaken kita Djawi kémawon,
ta, noen? Timor poenika rak oegi
golongan kita pijambak? 5).

Sasampoénipoen sami akoe, la-
djeng dipoenwonteni pangarsa (pa-
toet-patoetipoen). makaten oegi se-
cretaris dalah penningmeester.

Inkang kapilih ngembani sadaja
warga sadèrèk Elijas Setoe. Kebon
Djoekoet.

Rèhné pakempalan nama taksih
alit, Secretaris dalah penningmeester
karangkep déning sadèrèk R. J.
Tahrin. Pastorie.

Déné ingkang kadjabah ngembani
sadèrèk Tjimahi sadèrèk Celsus Rus-
min. Serg. Genie.

Déné pinanggihipoen warga, ka-
lijan ingkang boten rawoeh wonten
27.

Wasana atas asmanipoen para
Warga, njoewoen sembahjanganip-
oen para sadèrèk sadaja, sageda
saja soeboer tanemanipoen Rama
Van Lith Swargi, ingkang kaboen-
tjang wonten ing Tanah Djawi Kilèn.
Lan gadah pangadjeng-adjeng bé-
ndjing poenapa sak Tanah Djawi
Kilèn saged kempal dados setoeng-
gal.

Kirang langkoeng djam 9 pangarsa
ngatoeraken gening panowoeni-
poen datang ingkang sami kersa ra-
woeh, makaten oegi doematang pa-
doeka Rama de Rooy, déné sampoén
kersa paring panggénan. Woosana
ladjeng bibaran.

Sinerat ing Bandoeng 4-9-'1928.
Secre. dalah penningmees-
teripoen 6)

R. J. Tahrin.
Atmasoedarma.

V A R I A

DOEMOENGIPOEN GESANG-DJAWI ING MANGSA SAPOENIKA.

Goesti anggenipoen neboes donja
boten kanti goemjah-goemjah oetawi
para apoés.— Makaten oegi kita,
manawi saéstoe tresna bangsa,
sampoén mawi ngapoési bangsanip-
poen pijambak oetawi tijang sanès,
(mawi tjirjos saben taoen djiwa
Indonesia pedjah kaliren 10.000!),
mawi moedjèk-moedjèkaken disam-
ber bledèg lsp.— O, boten makaten,
ngémoetana jèn badé noeloengi raga
Djawi, ingkang kok ladjeng mbla-
woeraken „soekma” Djawi.— Sam-
poén makaten prijantoen! Lan pan-
djengan sadèrèk koela Katoelik,
sampoén kasesa ndahar atoe lala-
wora oetawi temboeng tékad-té-
kadan, emboeh ing bésoek, o boten,
ngémoetana woelangan Katoelik
roemijin kados-poendi. Manawi sa-
poenika kémawon sampoén kerep
kesoepèn ing azas Katoelik ingkang
deles (salong djalaran dèrèng oetawi
soengkan maos), gèk ing béndjing
manawi wonten prahara kados-
poendi. Oekara poengkesan poenika
kaparenga manggali pandjang.—
Manawi ing sapoenika azas pandje-
nengan adjegan oetawi mèh adjegan
awaton azas boten Katoelik, gèk
ing dinten wantji reribed awaton
poenapa?

Manawi para Paus oetawi para
Nabi, para pangageng Katoelik ang-
gegegi sanget kanasjonalanipoen,
poenapa badé wonten Missie, oetawi
poenapa Kratoning Allah saged
wradin sadjagad? Oepami Paoeloes
ngémoeti akoe wong Roem,— poe-
napa poeroen mendet piwoelang-
ipoen tijang Jahoe di, inggih Sang
Kristoes?

Nasijonaliteit pandjenengan: ka-
toelik! Anak karsangan; lan sam-
poén goemoedjeng jèn koela matoer
mekaten:

„Inkang Maha koewasa dipoen-
roemijinaken” lan inggih sampoén
goemoedjeng jèn koela matoer ma-
katen.— Menawi pandjenengan bekti
ing ngèlmoe katoelik, temtoe toe-
moengkoel manawi mireng temboeng
makaten, boten ngèsemi oetawi
goemoedjeng, sanadjan ta manah
pandjenengan nalika samanten ang-
grondjal.

„Gaat en onderwijst alle vol-
keren!” poenika dedasar Katoelik,
dados kalimbanga roemijin. „iki
toemrapé Ramakoe swarga bati apa
toena?” boten kok, iki toemrap
akoe bati apa toena”— Semanten
poenika manawi pandjenengan sam-
poén saged manggali lebet; manawi
dèrèng kados-poendi malih; oetawi
oegi boten: iki toemrap ki adjar
Alimoen-Aliman tjotjog: apa ora?—
o, boten makaten. Lan émoeta, sa-

*) Sapinten? Red.
**) Béndjing malih manawi damel verslag
ingkang tjekak kémawon. Red.
1). No. 24 tg. 26 Juli 1929. Red.
2). mitoeleugi. Red.
3). lan ingkang kanggep ambtenaar. Red.

daja lelampahan ingkang wadag
katingal poenika sanès toedjoe, balik
namoeng saweg s r a n a.

Brama
tijang DJAWI.

OERAP-SARI.

KABAR KATOLIK. Retraite sepisanan.

Nalika tg. 12 doemoegi 15 Aug.
ing Makasar dipoenwontenaken re-
traite kanggé para moerid ing K.
I. S. (Kweekschool voor Inlandsche
Scheplingen) tjatjhipoen 14, djawi
13, laré Menado I. Ingkang maringi
retraite pandjenenganipoen pastoe
G. W. Litjens, vlootaalmoezenier.

Papan ingkang kanggé retraite
kamar-kamar sekolahan ing zusteran.
Poenika manawi sijang, déné daloe-
nipoen laré-laré waoe mantoek da-
teng pondokipoen pijambak (ka-
zerne).

Ing wekdal poenika wonten laré
Djawi 5 ingkang ladjeng kabaptis,
lan éndjingipoen tampi Sakramèn
Maha Soetji sapisanan sareng ka-
lijan laré sanès. Sadaja sami keti-
ngal bingah-bingah, roemaos angsal
kanoengrahan ageng sanget, lan ma-
toer noewoen dateng pandjene-
nganipoen Rama pastoe, ingkang
soemeket lan saé pangrengkoeh-
ipoen.

Bakda retraite ladjeng sarapan
sesarengan wonten ing pastoean
Makasar. Toemoenten plesir mawi
motorbis dateng Bantimoroeng ni-
ngali grodjogan (waterfal). Moegi-
moegi makaten poenika dados toe-
ladar: sanès, ladjeng ingkang de-
rèng naté toersa ngitjipi retraite.
Woelan poenika ing Moentilan badé
kawontenaken retraite.

Pahargjan Kg. S. Bapa Pius XI. Moentilan.

C. Ordeeka martosaken: Pepang-
gihanipoen para sadèrèk goeroe
Missie ing Moentilan sakoeoba-
nipoen nalika: 8-9-'29 moetoés:

Ngadjak sadaja gotrah katoelik
ing koekoeban Moentilan, mahargja
Pandjenenganipoen K. S. Bapa, dé-
né sampoén 50 taoen, djoemeneng
Imam, ragad-ragad: dana sakadari-
poen. Rantjangan:

Setoe 5. October sonten-: lof ma-
wi oepatjara.
Ngahad éndjing: nampi Panoeng-
gal Soetji sasarengan.

Djam, 9 1/2 arak-arak déning para:
Gotrah Katholik ing koekoeban
Moentilan poenapa déné: siswa
Normaalschool, Kweekschool. P. A.
M. S. toewin H. I. S. anggrebeng
Gambar Dalem K. S. Bapa dalah
pepetaning Oepatjara Dalem, (Ma-
koeta-Pandjenengan-koentji lar ba-
dak-Gredja St. Pieter lsp.)

Tjoetjoeking arak-arak, siswa 3
manganggé: sandangan gredja (mis-
dienaar) ingkang tengah mandi:
Bandéra dalem K. S. Bapa. Tetin-
dihipoen Rama Lucas, tindak ing
sawingkingipoen Gambar Dalem pi-
nasang ing gapoera rinangga-rangga,
doemoenoeng ing sawingkingipoen
pepetaning oepatjara dalah para
siswa sami ambekta bandéra kadèrèk-
aken para kadang katoelik sepoeh
manganggé dines atjilimoeni.

Arak² ingkang saking pastoean
badé medal ing: Sléko-patjangan-kon-
troliran-dokteran-doemoegi ing pas-
toeran malih poenika, binaroenging
oengeling: moesik (viool), soeling,
miwah kagoengan pandjenengan,
gangsang, ingkang saking koemada-
kedahipoen badé andèrèk kelampah
badé dipoen-gotong, sinelan ing
kidoeng: Aan U o Koning der eeu-
wen, tjara Djawi, déning para in-
gkang arak-arak sadaja; toemoenten
andjog ing „pandi soeka”. Norma-
alschool sowan. P. Rector³) ingkang
minangka dados soesoelih Dalem K.
S. Bapa, ing rikoe: wontening pa-
nembrama: Oelah raga, sekar (2e.
H.I.S.) lan sanèsipoen, toemoenten
bibaran.

Djam 5 1/2 lof: mawi oepatjara,
lan rerepèn: Te Deum, toemoenten
para prijantoen sepoeh kempalan
malih mirengaken sesorah: bab
Soengeng Dalem K. S. Bapa (ran-
tjangan).

Senèn éndjing: Koerban Mis lan
Nampi Panoenggal Soetji sasarengan
kanggé laré-laré (mligi), toemoenten:
sarapan sasarengan (paringan Pas-
toeran).

Mangga, para sadèrèk, sami sa-
sarengan moeljakaken Ratoe kita
Panatagama, poenapa damel pijam-
bak, poenapa ngombjongi papan
ingkang sampoén wonten „Riaja iki
gedèkna tenan, sing nganti bésoek
100 taoen manèh isih pada ké-
lingan”. poenika pangandikanipoen
R. P. Rector v. Baal, mangga sasa-
rengan, béndjing kemoetanipoen
taksih kénging (saking agengipoen,
dèrèng telas) kawarisaken dateng
anak poetoe.

Mexico.

Pandjenengan sampoén pirsas kala
tanggal 22 Djoeni, wawaklipoen

1) éman, déning, manawi sampoén tindak:
perlof, dateng nagari Wlandi, atoe
perlof basoeki.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

MIDDENSTANDSVEREENIGING INDONESIA.

Poendi ingkang kaéwokaken go-
longan tengahan?

Manoet Dr. Nouwens kalijan Mr.
Alberse kaseboet ing *Katholiek So-
ciaal Weekblad* no. 41, 8 October
1904, katja 490, kados ing ngandap
poenika:

a. Kaoem tani. (landbouwersstand).
b. Kaoem dagang. (handeldrijvende mid-
denstand).

a. Pakarjan tangan: oendagi, toekang batoe,
toekang timbel lsp.

b. Pabrik alit-alitan: (klein industrie). Dados,
golongan toewan pabrik alit ingkang pa-
njamboetdamelipoen mawi motor; kalebet
oegi toekang damel roti, lsp. Tjekak go-
longan ingkang sadjaniipoen damelan pi-
jambak, oetawi sampoén babar pisan ka-
wangoen sanès boten kaloegokaken kados
waoenipoen.

c. Toewan toko. (winkeliers). Dados golo-
ngan ingkang loegoe kilak ladjeng dipoen-
sadé mawi ngoepados babatèn, sarta ba-
rang kilakanipoen waoe anggenipoen nja-
dé boten mawi kaéwahan oetawi kaitjalan
sipatipoen sakawit.

d. Golongan njadèkaken.

Katjarijos, saking ada-adanipoen
sadèrèk Paraha Harahap, hoofdred-
acteur *Bintang Timoer*, ing Beta-
wi wonten panitya badé ngedega-
ken pakempalan tengahan. Komité
waoe béndjing tanggal 15 Septem-
ber poenika ngawontenaken pa-
pangghian perloe ngedegaken Mid-
denstandsvereiniging Indonesia.

Kaseboet ing serat pangadjak,
komité waoe tjarijos makaten:

Toean-toean kaoem dagang!

Seperti soedah sama kita ketahoei, bangsa
Europa disini soedah lama mempoenjai
Handelsvereiniging goena perdagangan besar
dan Middenstandsvereiniging goena perda-
gangan tengah (toko-toko winkel) dan orang
Tiong Hoa mempoenjai Sianghwee.

Djadi sebetoe taja tanggal tjoema bangsa
kita Indonesia jang beroesaha memboeka
toko, dan pertoeangan atau lain-lain ma-
tjam peroesahan jang tidak mempoenjai
perserikatan, jang bisa memadjoekan kita
orang poenja perdagangan.

Sekarang sebagai diketahoei oleh Regeer-
ing soedah dibangoenkan soetoe commissie
jang bernama Middenstandcommissie, speciaal
menjelidiki perdagangan dan keradjanan ka-
oem tengah dari pihak Boemipoetera.

Jang moelia toean Djajadiningrat,
gedelegeerde lid Volksraad dioetoes oleh
Pemerintah ke Geneve, tetapi disamping itoe
diseroeh poela ke Zwitserland memeriksa
keadaan Middenstands organisatie, soepaja
bisa djadi tjontoh kenejeri ini.

Dimana sekarang memang soedah ada
Middenstand Boemipoetera, karena disini
ada toko-toko orang Indonesia, Schoen-
winkel jang besar, Ledikanten, Handel,
Smederij, Rijwielhandel, Hotel dan Restau-
rant, Reparatie atelier, drukkerij dan Boek-
handel, Kleermaker dan Transport Onder-
neming, Wasscherij dan Handel in Bouw
Materialen, Meubelhandel dan Lampenkap-
penmakerij, Boekbinderij dan Winkel-winkel
besar ketjil, maka soedah sepatoetnja kita
sendiri mendirikan itoe organisatie, soepaja
kemoedian ba kalau ada perobahan-peroba-
han atau pendapatan jang dibawa oleh toean
Djajadiningrat dari Europa, bisalah
kaoem dagang bangsa kita memperhatikan-
nja.

Tentoe sadja tidak bisa satoe-satoe orang
mengoetjap hasil itoe, maka sebab itoe per-
loe ada organisatie kita sendiri. Sedang di
Soerabaja dan Djokja soedah orang dirikan
organisatie itoe. . . . enz. enz. enz.

Pasamoean Soetji kalijan presidèn
Mexico sami nanda-tangani serat
roeroekoenan wonten kadaton Cha-
pultepec. Serat roeroekoenan waoe
asoeraos: a. Para Imam kénging
anindakaken wadjibipoen, sarta
imam ingkang kabenoem ing Kang-
djeng Biskop badé katjatep wonten
boekoening nagari. b. Wonten saleb-
eting Grédja kénging moelangan-
ken Agami, nanging wonten sekola-
han boten kénging. c. Éwadéné sa-
laminipoen, para pangageng Pasa-
moean Soetji kawenangaken neda
éwahing pradjangdjian poenika.

Sanadjan éwah-éwahon poenika
dèrèng nama maremaken saéstoe
toemrap kita para Katoelik, éwadéné
kita inggih kedah soeka soekoer ing
Pangéran. Ngéngeti ingkang kase-
boet ing c kita anggadahi pang-
djeng-adjeng saseloet-selotipoen we-
wenang kita inggih badé poelih
malih kados soewaoe sadèrèng-
ipoen wonten pangoeja-oeja.

Kaseboet wonten seratiipoen pa-
bantoe De Tijd katiti-mangsang
wonten New York 15 Juli, manoeit
pratelanipoen minister Buitenlandsch
djéndral Aguilar, saplok Mexico won-
ten pangoeja-oeja datang tijang Ka-
tolik, tanah Mexico kétjalan djiwa
sajoeta langkoeng kalih
atoes éwoe.

Agama Katoelik wonten tanah Mexi-
co pantjèn sampoén ngojod. Pra-
kawis poenika saged katitik, kala-
nipoen tetijang Indjan ingkang sami
brontak dipoenwartosi manawi na-
gari kalijan Pasamoean Soetji sam-
poen badé bademèn, sanalika la-
djeng sami selèh dedamel.

Moegi-moegi rahipoen djiwa sa-
manten katahipoen poenika sageda
dados widji soeboer toewin koe-
ntjaraning Pasamoean Soetji poe-
napadéné nagari Mexico!

Tjina.

Katjarijos kala tanggal 15 Djoel-
taksih éndjing sanget, kita Nanfeng
bawah provincie Kiangsi, kada-

Dados ingkang badé dipoenwon-
tenaken ing Betawi poenika kaleb-
et pakempalan tengahan golongan
dagang (langkoeng-langkoeng pé-
rangan c.)

Golongan tengahan poenika pan-
tjèn migoenani. Ngèlmoe sosialis
amastani golongan tengahan maka-
ten boten perloe! Kedah kasingkir-
aken kémawon! Ingkang makaten
poenika klèntoe. Djer golongan te-
ngahan poenika. Awit manawi
golongan tengahan sirna, ing djagad
ladjeng namoeng wonten golongan
kalih: kaoem berah kalijan golongan
amberhaken (kapitalist). Kaoem
tengahan ingkang kaitjalaken, tem-
toe ladjeng ngeboek wonten saleb-
eting djagad kaoem berah. Mang-
ka, poenapa ing djagad kaoem be-
rah poenika boten sampoén desek-
desekan, oejel-oejelan??

Sanadjan kaoem kapitalist pisan,
pantjèn inggih kedah ambetahaken
golongan dagang waoe. Awit, tan-
pa poenika barang padamelanipoen
boten badé kanggé ndamel, déning
boten wonten ingkang ngantaraké
dateng ingkang badé nganggé.

Saprika-saprika golongan dagang
ing Indonesia pantjèn dèrèng tinar-
boeka. Malah katah-katahipoen sa-
mi djor-djoran kalijan bangsanipoen
pijambak. Ingkang makaten poenika
mesti kémawon mitoenani. Mila
adeging pakempalan-pakempalan
tengahan golongan kaoem dagang
poenika saéstoe ngagengaken ma-
nah. Awit badé:

a. Saja katah sakolahan-sakolahan
oetawi koersoes-koersoes bab ka-
wroeh dagang. b. Saged kilak lan
njadé langkoeng mirah. c. Manawi
poeroen, saged sagjoeban ngitjali
ama toetomas sarana nitjil. d. Saja
katah pakempalan-pakempalan
bebaton (coöperatie.) lsp.

Éwasamanten, para ingkang dados
warganing pakempalan tengahan
waoe kedah angèneti bilih „ora
pertjaja-pinartjaja” makaten, dados
sandoenganing pakempalanipoen.

Wasana boten perloe koela atoe-
aken sapinten goenanipoen manawi
pakempalan-pakempalan tengahan
ing poendi-poendi poenika sami
manoeinggil dados sapakempalan.

Kita Katoelik Djawi dèrèng gadah
pakempalan makaten poenika. Awit,
pantjèn samangké sakedik sanget
ingkang anindakaken pakarjan among
dagang. Mila, manawi sapoenika
wonten kaoem dagang Katoelik Dja-
wi, ingkang loemebet pakempalan
dagang sanès Katoelik, poenika ka-
dos inggih saé kémawon!

Pandan wangi 8 September.

Taklim: Patjar-Merah.

CORRESPONDENTIE.

K. W. Soerakarta! Anglegani pamoendot
pandjenengan (zie corresp. Sw. T. no. 30.)
kita ngewart asmanipoen prijantoen koekoeban
K. W. Soerakarta ingkang anggenipoen
maringi arta langganan kalantaraken pa-
ngroekti-arti pandjenengan, kaseboet wonten
seratiipoen ddo. 26 Agoestoes, kados ing
ngandap poenika:

abn. 75. H. S. Sastr. soewrn. . . f 2,50;
abn. 77. R. C. S. Br. Atmadja, f 2; abn. 122.
R. S. Martawihardja: f 1,60; 291. R. Ch. Bra-
tatswisi: f 1; 309; J. B. B. Djajaotm. f 2,20;
347. R. Fr. Soedarmadi; f 1,75; 652. T. J. S.
Darmawrst. f 2,25; 552. Rm. B. Ratimrtj.
f 1,50; 613. Nataboedya f 2; 436. L. J. Poe-
djaatmaka f 1,25; 620. R. J. Kardjana f 0,50;
654. I. Soernarta f 2; 679. R. A. Soedarti
f 1,60; 793. Djajasswj. f 1,75; 709. Wig-
njarwrt. f 1,50; 784. Atmabdj. f 1; 792.
Moedjassnta f 1; 527; Dirasoebtra f 1,10;
607; Hadisoegnd. f 3; 673. R. I. W. Dwidja-
ssn. f 2,25; 99. S. Kartasswja f 2,50; 160.
Poedyahrdja f 2,50; 747; M. Soedarma:
f 1.—; 16. Rm. S. Dirjaprtma f 4.—; 222.
J. S. Adioetama f 0,625; 511. Rm. S. Djajadi-
moerti f 1.—

Dados poenika namoeng pambajaran ing-
kang kaseboet wonten serat tanggal 26 A-
goestoes. Kawoeningnal

tengan doerdjana pinten-pinten.
Doerdjana waoe ingkang katah-katah
sami njakabat ngèlmoe kominis, mi-
la inggih sengit sanget kalijan Aga-
ma. Wiwit djam tiga daloe sampoén
kapireng djomejering sendjata.
Pastoer Leonard inggih dipoenwar-
tosi kabar poenika. Nanging rèhné
kabar makaten waoe sampoén ke-
rep adamel ketjelik, mila boten patos
dipoenpanggalih.

Djam 5 éndjing Pastoer Leonard
sowan Grédja kadèrèkaken palados
satoenggal. Sareng anggenipoen
ngendoeljoekaken koerban Mis saweg
doemoegi „tjaoan anggoerlan toja”,
Grédja ngrikoe kadatangan doerdja-
na-doerdjana waoe, Pastoer Leonard
dipoentjeng, ladjeng semaja sake-
dap, moendoet ciborie, mendet Sa-
rira Dalem badé kadahar. Sanalika
poenika, Pastoer Leonard dipoen-
antem astanipoen mawi popor sen-
djata, Sarira Dalem kotjar-katjar!
Para Hosti sija ladjeng ngidak-
idak Hosti Soetji. Agem-ageman Mis

SOEMANGGA SAMI
NGABARAKEN
ING
SWARA-TAMA

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÈ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W.

Nitjil kénging! - Kentjèng soekoer!
GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

INGKANG NJEPENG LARÉ,
NGRENGGANI DJAMAN
TEMBÉ - WINGKING!

Prijantoen,
JEUGDORGANISATIE
sampoén kasangga
miring!!

BALAI POESTAKA

VOLKSALMANAK
1930 f 0.64

DJAWA - MELAJOE - SOENDA
SEKARANG SOEDAH SEDIA

M. v. BIENE.
Toekang herlodji dan Toekang emas.
Adres jang moerah
DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226
boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.
Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA

DJOKJA

mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloearan roemah² obat

MALIOBORO

„RATHKAMP”
soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

MALIOBORO

DJOKJA

„RATHKAMP”
tanggong beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

DJOKJA

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

TOKO H. SPIEGEL

MALIOBORO 17
DJOKJA.

MAGAZIJN VAN
LUXE - en HUISHOUDELIJKE
ARTIKELEN
KINDERWAGENS - SPORTKARREN
KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZEN, 16 deelig f 5,75
GASOLINE - LAMPEN f 12,50

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.30 - 8.30	Lamah 5.30 - 6 - 8	Pekalongan ⁸⁾ 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang ⁵⁾ 7	Pemalang ³⁾ 7.30	Kepandjèn 6 - 7 - 9
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6 - 7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9
Bandoeng 6 - 7.30 - 9	Magelang 7 - 9	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6 - 7 - 8.30
Benkoelen 7.30 - 9	Makassar 6 - 7.30	Poerwodjo 7 - 8.30	Tandjoeng Balai 7.30
Blitar 7.30	Malang 6 - 7.15 - 8.30	Pontianak 7 - 8.30	Tandjoeng Karang 8
Buitenzorg 6 - 8	Manado 6 - 7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30
Cheribon 7.30	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina)	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30
Djember 7.30	Medari ⁶⁾ 7.30	Sambas 6 - 8.30	Tegal 7.30 - 9.30
Djokja:	Meester Corn. 7 - 9	Sambong 8	Tereng 7
Kampementstraat Eur. 7 - 9	Jav. 6 - 8	Sawah Loento 7 - 8.30	Tjilatjap ⁸⁾ 7.30
Kota Baroe 6 - 7.30	Mendoet 6 - 7.30	Sedajoe 7	Tjimahi 6 - 8
Djombang ¹⁾ 7.30	Modjokerto 6 - 8	Sedjiram 5.45 - 8.30	Tomohon 7 - 8 - 9
Fort de Kock 7.30	Moentilan 5 - 6 - 8	Semarang: 7	Wates ⁷⁾ 7
Gandjoeran ²⁾ 7	Muntok 8	Gedangan 7 - 9	Weltevreden:
Gombong ³⁾ 7.30	Ngawi ⁷⁾ 7.30	Bangkang 6.30 - 8	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9
Keboemèn ⁴⁾ 7.30	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina)	Tjandi 7	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.)
Kediri 7.30	Padang Pandjang 7.30	Randoesari 7	Wonosobo ⁸⁾ 7.30
Klatèn 7.30	Pajakoeambo 7.30	Singkawang 6.30 - 9	Woloan 8.30
Koeta Radja 6.30 - 8	Palembang 7 - 9	Soekaboemi 6 - 7.30	
	Paseroean ¹⁾ 7.30		

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad: 4) 1e. Achad tiap²⁾ doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 4e. Achad.

dipoen-glandang wantoen kémawon, wasana Imam kalijan paladosipoen kabanda kabekta dateng pastoeran. Doemoegi ngrikoe, doerdjana-doerdjana neda soepados dipoentedahaken papaning arta Missie ing pastoeran ngikoe. Pastroer Leonard saged nedahaken waton paladosipoen dipoenloewari. Sareng paladosipoen sampoén kaloewaran, Pastroer Leonard masrahaken sadaja kagoenganipoen arta: 100 straitsdollar langkoeng sakedik. Sadaja isinipoen pastoeran ingkang wonten pangasosipoen kadjarah-rajah. Saking ngrikoe bandiet-bandiet waoe wangsoel mlebet Grédja malih, angengakaken Tabernakel tiga; ngrisak wadawah wadawah lilin, ambektani pangageman poenapadéné barang-barang soetji. Djam pitoe éndjing pastoer waoe dipoenirid kalijan tijang tawanan pinten-pinten dateng tjandi sadjawaning kita. Doemoegi ngrikoe pastoer Leonard teroes djèngkèng sembahjang boten predoeli dipoenpojok, oetawi dipoenisin-isin. Prakawis poenika moeroegaken goemoeloedoeging manahipoen tetijang ingkang ngreksa pijambakipoen. Sami sanalika tangsoel ingkang kanggé ambanda dipoensendal ngantos pastoer Leonard dawah kadjeroengoe, paserojanipoen babak. Nanfeng poenika doenoengipoen radi tebih saking papan poesering para missionaris Kienchangfoe. Saweg tanggalipoen 16 sijing pastoer pastoer ing ngrikoe sami mireng bilih pastoer Leonard dados tawanan. Pastroer Dermody ichtjar saged-sagedipoen sageda ngloewari pastoer Leonard, nanging tanpa goena. Tanggal 17, pastoer-pastroer sami mireng bilih pastoer Leonard sampoén séda. Tijang ingkang soemerep sami aneksèni bilih sédanipoen

margi pinardjaja mawi pedang. Tanggal 18 Djoeli lajonipoen pastoer Leonard saged pinanggih, kebak tatoes, kadjoewing-kadjoewing! Tanggal 20 Djoeli lajon kasarèkaken wonten Sangsang tjaket kita Nanfeng, kempal kalijan pasaréjanipoen pastoer-pastroer sawatawis. (Sangsang poenika papan ngrikoe ingkang sapisanan wonten grombolan Katolik). Pastroer Leonard mijosipoen wonten Limmerick kala taon 1894, dados imam saweg sadasa taon. Rawaehipoen wonten nagari Tjina kala taon 1920 sareng kalijan Kangdjeng Biskop Calvin. Anggènipoen njamboet damel wonten Nanfeng saweg sataon. Pandjenenganipoen misoewoer margi sakalangoeng moersid, toememen!

PAHARGJAN WIJOSAN DALEM SRI MAHA RADJA POETRI WILHELMINA.
Ing Keboemèn.
Berichtgever martosaken:
Kala ngadjengaken dinten wijosan dalem Sri B. M. Radja Poetri Ned. katah pamoelangan ingkang rinengga-rengga. Nanging rehning ing wenehing panggènan malemipoen badé kraméjan djawah ragi deres, dados rerenggan kretas wonten ingkang pating sloewir, nanging boten njoda saènipoen. Éndjingipoen moerid 4 sekolahan, (ingkang 1 groep moerid sek. Goep.) kempal ing panggènaning Glondongipoen. Wonten rikoe djèdèr-djèdèr toeroet pinggir ngoebengi plataran. (awit jèn wonten salebeting pandapa mesti sesak). sami njepengi rotèk (bendéra Wlandi alit-alit), mirengaken voordracht-ing Glondongipoen, jèn wiwit sekolah doesoèn saged mantjad dateng ingkang inggil, sok

oegi mantep teroes. Wosing voordracht tjekak, soepados sami anggatosna dateng piwoelang lan kaeotamèn. Toemoenten kasambet voordrachtipoen salah satoenggiling Goeroebantoe sek. Goep. ingrikoe, babagan economie, sageda tjèkèr-pijambak, sampoén kok ladjeng teroes nggandoel kémawon. Ladjeng voordracht-ipoen Mantri Goeroe bab opvoeding lan ingkang wadajib saèstoe nggoela-wentah laré, minteraken wiwit alit doemoeging diwasa. Katerangaken, jèn, laré poenika apes Goeroenipoen: 4. 1e. Bijoeng. 2e. Bapa. 3e. Kantja dolan. 4e. Goeroe sekolahan. Panganggé lan tengering laré-laré manéka-warni, nadyan tjlimèn nanging mbregas semoewa. Kirang-langkoeng djam 9½ éndjing pangkat arak-arakan. Sinawang saking tetebihan rantap-rantap ngresepaken. Wonten ngalèr, ngilèn, ngétan, ngidoel. Nolèh ngiwa-nengen, ing radinan ageng-alit ketingal moerid arak-arakan. (Lah kénging kabasakaken sakaboepatèn). Samargi-margi sami soerak-soerak ginentosan lan nembang. Doemoegi doesoèn Kambangari kempal lan moerid sekolahan doesoèn rikoe. Teroes mlampah ngambah margi jasan énggal, dados lampahipoen moebeng. Bakda arak-arakan sami sinoegata wonten ing panggènanipoen pijambak-pijambak, sapantesipoen. Prakawis wragad, moerid sek. Goep. saking Goeroe lan moerid. Nadyan nama gamelan topèng saanananè, nanging boten ngoetjwani soemboet lan kesel saha angsalipoen. Moerid satoenggal lan satoenggalipoen sekolahan katingal sami roekoen goejoeb, boten wonten raos mbédak-mbédakaken.

GABROE - WLINGI 31 AUGUSTUS '29.
Ingkang mangka beboekaning atoe, ing pamoelangan Gabroe ing dinten poenika rija ageng sanget kanggénipoen laré ing perceel; wanjé éndjing ± 7 laré sampoén sami ngempal wonten ing pamoelangan, sami asoeka-soeka ningali asrining pamoelangan, ingkang pinadjang-padjang tepoeng gelang, woedjoed djanoer djené ingkang pating plengkoeng, sekar-sekar, ron-ronan ingkang mantja-warni, kiwa tengening plengkoeng pinasangan gendéra Walandi, pating klèbèt ananarik manah. Swaraning laré pating brengok pating tjroewèt, sami ngen-tosi gangsa kapalan (djatilan), ingkang kanggé regenging arak-arakan oeroet margi ageng mangidoel andjoedjoeg kamantrèn (Mantri politie) ing Ngadirengga Wlingi, wonten ing Kamantrèn para moerid sami asoeng kasoegangan, wosipoen 1e. Atoer soegeng dateng wewakiling pamaréntah 2e. Atoer soegeng Dalem Sri Maharadja 31 Augustus 1929 3e. Njenengaken laré 4e. Nendarik laré ingkang dèrèng sekolah poeroena sekolah, saha wonten ing Kamantrèn laré-laré sami ngatingalaken senengipoen woedjoed sekar lan tembangan. Laré éstri tembangan pramoerid; laré djaler alit-alit tembangan witing klapa; laré ageng sekar kinanti Soeba-kastawa lan kinanti tridjata.
I. Pra moerid.
I. Kawoela sadaja moerid Gabroe. Asowan ing ngarsaning bendara. Wewakil dalem Sri Maha Radja. Kang adedalem ing Sèndoeng mriki.
II. Ngatoerken sagoenging pakoeratan. Doemateng bendara kakoeng poetri.

Kang ngasta roewet-rentenging pradja. Lèr Wlingi praptèng Woekir nagara. III. Jwa ana sawidji-sawidji sambékala. Gi-moegi djinangkoenga kang moeriba. Sadaja ingkang dados karsanta. Sageda tentrem ing salaminja.
2. Witing klapa.
I. Hajo kantja, dina iki, soeka-soeka, soeka-soeka, pari soeka, awit iki, wijosané Sri Maha Radja, Radja kita, ing Walanda.
II. Radja agoeng, Radja agoeng, Binatara, Radja poetri, moega-moega lestantoena, ambek adil para-marta, adamel soekaning bangsa.
III. Moega-moega, pinandjangna, ingkang joeswa, tinoeloesna, ngerèh pradja, pradja kita, tinebihna sambé-kala, tinoelada bangsa lija.
3. Kinanti Soeba Kastawa.
I. Kanti astjarjajèng kajoen, Kajoengjoen atoe basoeki, Sowan kawoela sakantja, Para dwidja miwah moerid, Atoer poedja pangastawa, Sarèhning hari poeniki.
II. Wijos Dalem Kangdjeng Ratoe, Wilhèlminah nata poetri, Moegi manggiha rahardja, Antoea berkahing Widdi, Dadya Radja kang oetama, Ambek santa marta boedi.
4. Kinanti Tridjata.
I. Amba pra siswa sadaroem, amoe-dja poedji semadi, mrih lestarinja padoeka, Sri Bagènda nata Dèwi, misésa pradja Néderland, jwana roebéda ing woeri.
Badé kasambet.